технология таълими ва касбга йўналтириш жараёнида ўқувчилар ўзаро дўстона муносабатда бўлиши ва бир-бирларига беғараз ёрдам кўрсатиши, ҳамкорликда итшлаши, ижрочилик, жавобгарлик, масъулиятлилик, ўзаро талабчанлик ва иш юзасидан танқидий муносабатларга одатланадилар. Ўқитувчи, бу муносабатларнинг камол топишини ва ривожланишини диққат билан кузатиши ва уларни одоб-ахлоқ доирасида тўғри йўналтириши лозим.

Олиб борилган тадқиқотимизнинг тажриба-синов машғулотларини кузатиш ва таҳлиллар натижасида, умумий ўрта таълим мактаблари технология таълимида ўқувчиларни халқ ҳунармандчилиги касбларига йўналтиришда спектрал-вариатив компонентларини фанлараро ташкил этилган дарс машғулотларини такомиллаштириш учун қуйидаги омиллар зарур эканлиги аниқланди:

1. Технология таълими ва касбга йўналтириш машғулотлари мазмуни асосан, қўл билан бажариладиган амалий иш ҳаракатларига йўналтирилмоғи лозим. Бу ҳол, турли хил механизациялаштирилган, электрлаштирилган, автоматлаштирилган воситалар, қурилмалар, станоклар билан таъминланишидаги тансиқликнинг, турли хил жароҳатланишларнинг, материаллар тансиқлигининг ва бошқа кутилмаган ҳолатларнинг олдини олишга ёрдам беради.

2. Умумий ўрта таълим мактабларида ташкил этилаётган технология таълими ва касбга йўналтириш машғулотлари мазмунини танлашда, тарихий, миллий, маҳаллий, минтақавий хусусиятларини ҳисобга олиш керак бўлади. Бу хусусиятларни таъминлашда халқ миллий ҳунармандчилиги соҳалари зарур бўлган барча педагогик талабларни тўлиқ таъминлайди.

3. Технология таълими ва касбга йўналтириш машғулотлари мазмунида халқ миллий ҳунармандчилигининг ўрганилиши ва ўргатилиши, таълимнинг ҳаёт билан боғлиқлиги, ишлаб чиқаришга яқинлиги, амалийлиги, моддий-техник таъминотини ташкил этишнинг қулайлигига эътибор бермоқ лозим.

4. Халқ миллий ҳунармандчилиги бўйича турли машғулотларни технология таълими ва касбга йўналтириш негизида ташкил этиш мақсадга мувофиқ, чунки уларда қатор умумлаштирувчи хусусиятлар мавжуд.

5. Халқ миллий ҳунармандчилиги Шарқ халқларининг моддий қадриятларига оид маданиятнинг ёрқин намунаси сифатида ўрганишини психологик, педагогик, дидактик, услубий жиҳатлари алоҳида таҳлилни талаб қилади.

6. Халқ миллий ҳунармандчилигининг технология таълими ва касбга йўналтириш негизида ўрганилиши, ушбу соҳанинг ўқув-услубий жараёни янгиланишини тақозо этади. Шунинг билан бир қаторда, Ўзбекистон Республикаси умумий ўрта таълим мактабларида технология таълими ва касбга йўналтириш концепцияси ва Давлат таълим стандартини яратиш, ўқув режа ва дастурларини ишлаб чиқиш лозим. Шунингдек, яратилган янги авлод дарсликларини мазмун ва сифат жиҳатидан такомиллаштириш, ўқув-услубий қўлланмалар билан бойитиш, ушбу соҳа бўйича дидактик ва тарқатма материаллар яратиш ҳамда машғулотларда кўрсатмалиликни ташкил этиш зарур.

7. Халқ ҳунармандчилиги миллий қадриятларнинг муҳим йўналиши сифатида таълим тизимида мукаммал ўрганилишида тарбиявийлик, одоб-ахлоқийлик имкониятлари ёритилиб борилиши лозим.

8. Миллий қадриятларнинг таълим-тарбия тизимида, хусусан, ўқувчиларни технология ва касбга тайёргарлигини такомиллаштиришда халқ ҳунармандчилиги мисолида ўрганилиши касбий таълим тизимининг миллийлик, тарихийлик, маҳаллийлик, минтақавийлик хусусиятларини намоён этилиши асосида қайта қурилишини тақозо этади.

9. Халқ миллий ҳунармандчилигини таълим-тарбия тизимида янада мукаммал ўрганишда бошқа ўқув фанларидан унумли фойдаланиш имкониятлари чуқуррок қараб чиқилиши лозим. Масалан, шаклларнинг янада диққатга сазовор бўлиши, симметрия қонунлари, унумли геометрик ва стереометрик муносабатлар имкониятига мурожаат қилиш мақсадга мувофиқ.

10. Таълим ва тарбиянинг мантиқий кетма-кетлик, изчиллигига тўла эришишда фанларао боғланишдан фойдаланиш учун технология таълими ва касбга йўналтирилишда ўқув фанларининг имкониятлари ҳисобга олиниши лозим.

**Адабиётлар**


1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг “Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича ҳаракатлар стратегияси тўғрисида”ги Фармони. –Тошкент: 2017-йил 7- февраль ПФ - 4947.
2. Мирзиёев Ш.М. Ватанимиз тақдири ва келажаги йўлида янада ҳамжиҳат бўлиб, қатъият билан ҳаракат қилайлик. /”Халқ сўзи”, 2017-йил, 16-июнь.
3. Ўзбекистон Республикасининг “Таълим тўғрисида” ва “Кадрлар тайёрлаш миллий дастури”ги қонунлари. -Т.: “Шарқ”, 1997.
4. Алламуратов А. Каракалпакская народная вышивка. -Нукус: “Каракалпакстан” 1977, -С. 196.
5. Шомирзаев М.Х., Каримов И.И. Технология фанини ўқитишда инновацион педагогик технологиялар. - Т.:“Университет” 2020, 192-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада мактаб технология таълимида халқ ҳунармандчилигининг спектрал-вариатив компонентларини фанлараро такомиллаштириш мазмуни ёритилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассмотрено содержание междисциплинарного совершенствования спектриально-вариативно компонентностей народных промыслов в школьных технологиях обучения.

**SUMMARY**

The article describes the content of interdisciplinary improvement of the spectral-variable components os folk crafts in school technology education.


## АКАДЕМИЯЛЫҚ ЛИЦЕЙЛЕРДЕ Т.ҚАЙЫПБЕРГЕНОВ ДӨРЕТИЎШИЛИГИН ОҚЫТЫЎ МЕТОДИКАСЫ


**Қ.А.Юсупов –** *филология илимлериниң кандидаты, доцент*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар:** адабиётшунос, образ, ижоди, стил, метод, жанрлар, тил, таълим, дарс жараёни, ёзувчи, асар, роман.

**Ключевые слова:** литературовед, образ, творчество, стиль, метод, жанры, язык, обучение, процесс урока, писатель, произведение, роман.

**Key words:** specialist in literature, character, creative work, style, method, genres, language, teaching, the process of the lesson, writer, work, novel.


Педагогика бойынша В.Л.Голиш [1], Н.Ғуломова [2], Г.М.Давлетшин [3], А.С.Зуннунов [4], Ә.Пахратдинов [5], Б.Султонов [6], Ў.Қ.Толипов [7], Б.Тухлиев [8], Қ.Юсупов [9. 10.] қусаған алымлардың

мийнетлеринде оқытыў формалары, лекция, семинар ҳәм методлар бойынша ҳәрқыйлы көзқараста методикалық пикирлер билдирилген. Усы көзқарастан қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасында академиялық лицейлерде жазыўшылардың дөретиўшилигин үйрениў бойынша методикалық пикирлер аз айтылған. Сонлықтан, Т.Қайыпбергеновтың дөретиўшилигин академиялық лицейлерде оқытыў бойынша базыбир методикалық пикирлерди билдирип өткенди мақул көрдик. Т.Қайыпбергеновтың дөретиўшилигин оқытыў барысында сабақ түрлери, лекция ҳәм методлардан дурыс пайдаланыўда ҳәр бир әдебиятшы муғаллимнен үлкен методикалық шеберлик талап етеди.

Т.Қайыпбергеновтың дөретиўшилигин оқытыўда машқалалық лекция, монографиялық лекция, шолыў лекциясы, энергия алмасыў лекцияларын пайдаланыў мақсетке муўапық болады. Усылардың ишинде машқалалық лекцияның қолланыў усылларына тоқтап өтейик. Бул лекция түринен пайдаланыў сабақта өтилежақ материалдың көлемине, сабақтың мақсетине ҳәм ўазыйпаларына муўапық болады.

Т.Қайыпбергеновтың дөретиўшилигин машқалалық лекция менен оқытыў ушын ең дәслеп машқалалық ситуацияларды жаратыў ҳәм сабақ барысында жүзеге келтириўде әдебиятшы муғаллимнен теориялық саўатлылық ҳәм методикалық шеберлик талап етиледи. Муғаллим бул машқалаларды сабақ барысында ҳәр түрли усыллар менен әмелге асырады. Биринши́ден, бағдарламада берилген жазыўшының дөретиўшилигин оқытыўда машқалалық ситуацияны келтирип шығаратуғын мәселелерди ажыратып алады. Буның ушын оқытыўшы жазыўшы прозасының мазмунын, дөретпелериниң жанрлық өзгешеликлерин, оның дөретпелери бойынша изертлеў жумысларын тереңнен билиўи тийис. Буннан соң жазыўшының дөретиўшилиги бойынша қарама-қарсылыққа ийе болған, жасырын машқалалы сораўларды муғаллим излеп, таба билиўи керек. Екиншиден, жазыўшының дөретиўшилигинен машқалалық жағдайды жүзеге келтиретуғын мысалларды билиўи керек. Мәселен, «Маман бий» романындағы Аманлық образын таллаў арқалы оқыўшылар бирқанша қарама-қарсылықлы пикирлерди жүзеге келтириўи мүмкин. Мәселен, оның қарындасына билмей қосылыўы, оннан оқыўшылардың түңилиўи, Маман бийдиң узақтан оларды таныўы, оларға өлим шарасын қолланыўы усаған мәселелер оқыўшыларға терең ой салады. Усы пикирлердиң кайсысы дурыс екенлигине оқыўшылар өз көзқарасларын билдиреди. Нәтийжеде, олар арасында қарама-қарсылықлы пикир пайда болыўы мүмкин. Сонлықтан, оқытыўшылар тәрепинен бул мәселе бойынша нелерди алдынан билиўи керек екенлигин, булардан басқа жазыўшының қайсы дөретпелеринде қарама-қарсы пикирлер бар екенлиги анықланады. Айырым машқалалық мәселелердиң салыстырмалы сыпатқа ийе екенлиги есапқа алынады. Сондай-ақ, бул машқалалық мәселелер ўақтынан бурын яки кешигип пайда етилсе, онда оқыўшылар ушын усы машқалалық мәселе пайдасыз ҳәм нәтийжеси аз болады. Үшиншиден, Т.Қайыпбергеновтың прозалық шығармаларының мазмуны, ондағы қаҳарманлары, дөретпелериндеги өзгешеликлер бойынша машқалалы пикирлерди жүзеге келтириўи мүмкин. Демек, оқыўшыларға берилетуғын сораўлар избе-из тәртипте, белгили мақсетке тийкарланып, жасырын ҳәм ашық түрде берилиўи зәрүр. Мәселен, Т.Қайыпбергенов не ушын поэзиялық шығармаларды өнимли жазбаған? Драмалық шығармаларында қаҳарман образы қалай ашып берилген? Ҳәм т.б. сораўлар бериледи. Төртиншиден, Т.Қайыпбергеновтың дөретиўшилиги бойынша пайда етилген машқалалық ситуацияның оқыўшылар тәрепинен қалай шешилиўи анықланады. Олардың ой-пикирлери тереңлесип барады. Нәтийжеде, машқалалық мәселелер оқыўшылардың тәрепинен шешилип барылыўы тийис.

Академиялық лицейлерде жазыўшының дөретиўшилигин оқытыўда машқалалық лекциядан пайдаланыў көп нәтийжелерге алып келеди. Себеби, бул лекция түри оқыўшылар санасында илимий излениўге тийкарланған билим, уқып ҳәм көнликпелерди пайда етеди. Жазыўшының прозалық шығармалары бойынша машқалалық лекцияны өткериў барысында зәрүрли оқыў материаллары ҳәм қураллары дурыс таярланыўы керек. Тийкарынан, машқалалық лекция: машқалалық мәселе, сораўлар, қысқаша бағдарлама, лекция текстти, тирек сөзлер, жоба, тийкарғы әдебиятлар дизими, лекция текстинен турады. Оның прозалық шығармалары бойынша машқалалық лекцияға қойылатуғын талаплар: терең мазмунға, шебер қурылған машқалалық сораўларға, оқыў режесиндеги саатларға сәйкес сапалы болыўы тийис.

Академиялық лицейлерде Т.Қайыпбергеновтың дөретиўшилигин оқытыўда ҳәрекетшең лекция түринен пайдаланыў методикалық мәселелердиң бири. Оқыўшыларға бул лекция түринен пайдаланыў әдебиятшы муғаллимнен илимий теориялық ҳәм методикалық излениўшилик талап етеди. Усы лекцияны әмелге асырыў ушын оқыўшылар сабаққа толық ҳәм қызығыўшылық пенен қатнасыўы керек. Себеби, лекция олардың қатнасында орынланады. Т.Қайыпбергеновтың прозалық шығармаларын оқытыў бойынша лекцияны баслаўдан алдын компьютер жәрдеминде өтилежақ тема ҳәм сабақ мақсети таныстырылады, ўазыйпалар атап өтиледи.

Сабақтың мақсети, тийкарынан, Т.Қайыпбергеновтың дөретиўшилик шеберлигин, көркем дөретпелерин оқытыў арқалы оқыўшыларда миллий идеялар, ўатанға сүйиўшилик, адамгершилик сезимлерди сиңдирип барыў, олардың тил байлығы, сөйлеў мәдениятын раўажландырып барыўдан ибарат.

Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебияты бойынша бағдарламада берилген жазыўшылардың дөретиўшилигин үйрениў ең әхмийетли методикалық мәселелердиң бири. Әдебият сабақларында жазыўшылардың дөретиўшилигин оқытыў әдебиятшы муғаллимнен методикалық шеберлик талап етеди. Себеби, әдебияттаныў илиминде ең қызықлы, бирақ жүдә аз сөз етилип, кем изертленген мәселелердиң бири жазыўшылардың дөретиўшилик шеберлиги болып есапланады. Ҳәр бир жазыўшының сырлы ҳәм жумбақлы екенлигине, ҳәрбир қәлем ийесиниң ишки дүньясы, дөретиўшилик процесиндеги психологиялық кеширмелериниң бир-бирине ҳеш бир уқсамаслығы оқыўшыларға қызығыўшылық пайда етеди. Усы себепли де белгили әдебиятшы З.Қабдолов, К.Мәмбетов, Қ.Камалов, Ә.Пахратдинов, К.Алламбергенов, Қ.Оразымбетов ҳәм т. басқалардың мийнетлеринде айтылған. Мәселен, әдебиятшы З.Қабдолов жазыўшылардың дөретиўшилик ўақтындағы ҳалатларына байланыслы көплеген қызықлы ҳәм сырлы фактлерди келтиреди [11]. Оларға дыққат бөлсек: атақлы жазыўшы Э.Хеменгуей көкирек аўзына келетуғын кафедра-минбер алдында түргелип турып жазбаса иси келиспеген, ал биреўлер жерде дус төменине жатып алып жазған, тағы биреўлер үйлеринен қашып саяхатта ямаса дөретиўшилик үйлеринде жазады, гейпаралар өз үйлери, өз столынан басқа жерлерде иси жүриспейтуғынын айтады. Булардың барлығын оқыўшыларға қызықлы етип түсиндириў муғаллимниң оқытыў шеберлигине байланыслы әмелге асады.

Оқыўшыларға Т.Қайыпбергеновтың дөретиўшилик шеберлигин түсиндириў барысында төмендеги мағлыўматларды беремиз:

Белгили жазыўшы Т.Қайыпбергенов: «Мен «Қарақалпақнама»ны жазыўға отырғанда неликтен де

әўели өзиме сүйенип, өзимди көремен… набада өзим деп халқым ҳаққында надурыс бир нәрсе айтып саламан ба деген қәўип пенен ойланаман. Бул мениң кеўилим әл асмандалығынан дерек береди деп қорқаман» [12:31],- деген екен. Ал, және де ол: «Қорқақлық-бахытсызлықтың белгиси … орынсыз сөз сөйлеўдиң қорқынышы, әне, ҳақыйқый қорқыныш» [12:14], - деп жазады. Жазыўшының бул дөретиўшилик ҳаққында ойларын оқыўшыларға түсиндириў барысында буннан басқа да мысаллардан пайдаланыў керек. Бул мәселелерди түсиниўи арқалы оқыўшылар санасында жазыўшының ишки психологиялық, руўхыйлық ақыл-парасаты ҳаққында қызығыўшылығы артып барады. Нәтийжеде, олар бундай ой-пикирлердиң жазыўшыларға тийисли екенлигин билип барады. Соның ушын да жазыўшылардың дөретиўшилик шеберлигин оқыўшыларға қызықлы, қарама-қарсылықлы, көп түрли рәңбәрәң етип мысаллар арқалы түсиндириў зәрүр. Жазыўшылардың шеберлиги әпиўайы, қарапайым инсанлардан таланты, сезимталлығы, дөретиўшилик қыялы, йош, илҳам, өмир тәжирийбеси арқалы ажыралып турады. Бул сыпатлар көпшилик илимий мийнетлерде, әдебият теориясы бойынша изертлеўлерде биреўден-биреўге көшип пайдаланып жүрген дәстүрий түсиник. Биз де оларға сүйенемиз. Сондай-ақ, жазыўшылардың дөретиўшилик шеберлигинде булардан тысқары өмирди гүзетип барып, оны тынымсыз бақлай билиў, оқып излениў, дөретиўшилик саяхат ҳәм оның нәтийжелери, бийик ақыл-парасат сыяқлы ишки руўхый ҳәм әмелий тәреплери де бар екенлигин оқыўшыларға үйретиў шәрт.

Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебияты бағдарламасында берилген жазыўшылардың дөретиўшилик шеберлиги бойынша тереңирек үйретиў ушын илимге зәрүрли, дәлил ҳәм пикир пайда етиўге де белгили материаллар, яғный олардың еске түсириў ямаса күнделик дәптерлери, жазған мақалалары, бир-бирине жазған хатлары ҳәм т.б. керек. Бул материаллар қарақалпақ әдебиятында жүдә аз. Ал өзбек, қазақ, орыс, ингилис ҳәм т.б. шет ел жазыўшыларының бул тараўда жүдә көп мийраслары бар. Деген менен, әдебиятымыздағы бул қыйыншылық ҳәм кемисликлерге қарамастан, XX әсирдиң екинши ярымынан кейин өнимли дөретиўшилик мийнет ислеп, бираз табыслы шығармалар берген Т.Қайыпбергенов, И.Юсупов, Ш.Сейитов, К.Мәмбетов, Қ.Камалов, Ә.Пахратдинов, К.Алламбергенов ҳәм тағы да басқалардың аз сандағы еске түсириў мақалалары, әдебий сын мийнетлери ҳәм олардың өз шығармаларына да тийкарланып жазыўшылық шеберлигин ҳәм дөретиўшилик психологиялық, минез-қулық белгилерин оқыўшыларға сабақ барысында түсиндириў керек. Жазыўшының дөретиўшилигин үйрениў барысында ең дәслеп сөз шебериниң таланты ҳаққында гүрриңлесиў өткерип, оларға сабақ барысында сөз зергериниң таланты, еске түсириўлери туўралы айтып бериў зәрүр.

Т.Қайыпбергенов талант ҳаққында былайынша баҳа береди: «Жазыўшының мийнети әпсанадағы дозақты еслетеди, оның отлы гүрсисине айрықша талантлар ғана төтепки бере алады». Тағы да ол: «Мен қалай жазыўшы болдым? Бул басқалар түўе өзимде де жумбақ», - деп жазады. «… жазыўшы болыў айрықша шыдамлылықты талап етеди. Бул шыдам сенде қәлиплескен ойлардың шығымлылығы, сол ойларды өз ўақтында қағазға түсириў ушын столда отыра билиў шыдамлылығы» [12:136].

Т.Қайыпбергенов және де өзиниң ишки дөретиўшилик шеберлигине байланыслы былай дейди: «Қай ис туўралы, я күйиниш, я сүйиниш болсын, мениң айтыўым тийисли пикирлер бәрҳа соңынан, жекке жүргенимде я үйге келип жалғыз өзим кроватқа созылып жатқанымда есиме түседи… ишимде пысқыған ҳәўирди сыртқа шығарып жеңиллетейин десем, қасымнан мени түсинетуғын адам таппай столға отыраман да жазаман. Оқыған киси түсинетуғын қылыўға тырысып қайта-қайта жазаман. Өширемен, көширемен, өширемен, көширемен … Бир күнлери жазғанларым бир шығармаға арқаў болып шыға келеди. Сөйтип жазыўшы болған усайман» [12:136]. Муғаллим оқыўшыларға жазыўшының образлар дөретиўдеги, идеяларды көркем сәўлелендириўдеги дөретиўшилик шеберлиги ҳаққында мысаллар арқалы түсиник бериуў керек. Сондай-ақ, жазыўшылардың дөретиўшилик шеберлигиндеги шығармаларды қайта ислеў, дөретиўшилердиң бирнеше вариантларын жаратыў арқалы оны кем-кемнен жетилистирип барыў өнери ҳаққында айтылған пикирлер оқыўшылар ушын қызығыўшылық пайда етеди. Бул қубылыс ҳәрбир қәлем ийесинде, ҳәтте оның ҳәрбир дөретпесинде ҳәрқыйлы өтеди. Сонлықтан, Т.Қайыпбергенов: «Шексиз ақылдың кәни Лев Толстой «Сон» деген гүрриңин 29 мәрте көширип, ал гениал эпопеясы «Урыс ҳәм парахатшылықты» 15 рет қайта баслап жазғанын, сонда да баспаға бергеннен кейин мулт кеткен қатарларын еслеп, қатты өкингенин оқығанымда ишеклериме қоз түскен сыяқланды» [12:245] -деп жазады. Демек, жазыўшының дөретиўшилигиндеги шеберликти сабақ барысында түсиндириў ҳәрбир әдебиятшы муғаллимниң баслы ўазыйпасы. Нәтийжеде оқыўшыларға қарақалпақ әдебияты бағдарламасында берилген жазыўшының дөретиўшилигин үйрениў арқалы ўатанға болған сүйиўшилик, улыўма инсаныйлық, ҳадаллық, мийнет сүйгишлик, ҳүжданлық, қыйыншылықты жеңе билиў сезимлерин өзлериниң санасында қәлиплестирип, көркем әдебиятқа болған қызығыўшылығын арттырып барады.

Булардан басқа Т.Қайыпбергеновтың дөретиўшилигин оқытыў бойынша пикирлер ортаға тасланады, оқыўшылар тәрепинен таярланған материаллар, исленген конспектлер көрип шығылады. Нәтийжеде, олар жазыўшының прозалық ҳәм драмалық шығармалары ҳаққында нелерди билетуғыны анықланады. Олардың таярлап келген материалларынан үзиндилер келтирип өтиледи. Оқыўшылардың Т.Қайыпбергеновтың дөретпелери бойынша түсиниклери муғаллим тәрепинен қадағаланып барылады. Оқытыўшы менен биргеликте компьютерден пайдаланып слайдларды, киши баянатларды таярлайды. Оқыўшылардың жазыўшының дөретпелери бойынша билдирген пикирлери тәртиплестириледи. Зәрүрли оқыў материалы менен таныстырыў әмелге асырылады. Буның ушын электрон лекция текстти алынып, тийкарғы жерлери экраннан көрсетиледи. Буны оқыўшылардың өзлери алдын ала таярлаған Т.Қайыпбергеновтың дөретпелери оқытыў тийкарында көрсеткени мақул.

Академиялық лицейлерде оның прозалық шығармаларын оқытыўда тийкарғы идеялар, мәселелер оқыўшыларға түсиндириледи. Буның ушын оқыўшылар лекция материаллары менен белгили дәрежеде танысып, оның электрон вариантларынан көширме алған, әдебиятлар дизимин таярлаған болыўы керек. Бирақ, Т.Қайыпбергеновтың прозалық шығармаларын оқытыўда оқыўшылар тәрепинен алып барылмастан оқытыўшы ҳәм оқыўшы лекциясы келип шығыўы тийис. Оқыўшылар 2 – 3 минутлық киши баянатлар менен қатнасады. Жобаға сәйкес оның прозалық шығармалары бойынша оқыўшылар тәрепинен бир киши баянат жасалады. Оқытыўшы Т.Қайыпбергеновтың прозалық шығармаларын оқытыў барысында исленген ҳәрбир баянатты толықтырып,

илимий мазмуны тереңлеседи. Нәтийжеде, оқыўшылардың жазыўшының прозалық шығармаларына болған түсиниги, қызығыўшылығы артып, пикирлеў қәбилети, жазба билим көнликпелери қәлиплесип барады.

Т.Қайыпбергеновтың “Маман бий әпсанасы” романын оқытыўда мүйешлер методынан орынлы пайдаланыў керек. Бунда оқыўшылардың қызығыўшылығын арттырыў мақсетинде дөретпе бойынша бир неше мәселелер ортаға тасланады.

- Т.Қайыпбергеновтың “Бахытсызлар” романының сюжети.
- Т.Қайыпбергеновтың “Түсиниксизлер” романында турмыс шынлығы қалай сүўретленген?
- “Маман бий әпсанасы” романында қайсы дәўир ўақыялары көбирек берилген? Оқыўшылар бул сораўларға өз пикирлерин билдирип барады. Көбирек жуўап бериўге ҳәрекет етеди. Пикирлерди бийкарлаўға жол қойылмайды. Ҳәрбир пикирди есапқа алыў, барлық пикирлердиң ишинен ең жақсысы таңлап алынады. Оқыў барысында киши топарларда ямаса сабақ барысында өткерилиўи мүмкин. Бул метод оқыўшылардың Т.Қайыпбергеновтың “Қарақалпақ дәстаны” бойынша түсиниги арттырады. Олардың сабаққа қызығыўшылығы күшейеди, пикирлеў қәбилети раўажланады. Т.Қайыпбергеновтың “Қарақалпақ дәстаны”на байланыслы сабақта оқыўшылардың қатнасында кластер методын қолланыўға болады. Бул метод оқыўшылардың романның мазмунына, образларына, көркемлигине түсинигин арттырыў мақсетинде қолланылады.

Кластер методының талапларына муўапық оқыўшылар топарларға бөлинеды. Олардың Т.Қайыпбергеновтың “Қарақалпақ дәстаны” бойынша қандай пикирлери болса, соларды тахтаға ямаса дәптерге жазады. Бул дөретпени оқытыўда сабақ түрлеринен, лекция ҳәм методлардан орынлы пайдаланыў сабақтың нәтийжели болыўына алып келеди. Буннан басқа «Инсерт», «Зиг-заг», «үш басқышлы интервю» методларды оқытыў барысында қолланыў зәрүрли методикалық мәселелерден есапланады.

Солардың ишинде «үш басқышлы интервью» технологиясын өткериў барысында оқыўшыларды А, Б, В, Г топарларына бөлип, ҳәр бири Т.Қайыпбергеновтың драматургия бойынша бир-бирине мағлыўмат береди. Сораў-жуўап өткериледи.

А топардың сораўы: Т.Қайыпбергеновтың «Мың тиллаға баҳаланған гелле» драмасы қандай ўақыяларды сүўретлеген?

Б топардың жуўабы: Бул драмада Т.Қайыпбергеновтың дөретиўшилик шеберлиги анықланады. Онда Айдос бийдиң ел-халқы ушын ислеген қаҳарманлық ислери үлкен мақтаныш пенен сүўретленеди.

В топардың сораўы: Т.Қайыпбергеновтың «Мың тиллаға баҳаланған гелле» трагедиясындағы қаҳарман образларына сыпатлама бериң.

Г топардың жуўабы: Т.Қайыпбергенов бир неше драмалық шығармалар жазды. Оның «Мың тиллаға баҳаланған гелле» драмасы тарийхый темадағы ўақыяларды сүўретлеген. Бундағы Айдос бий, Бегис, Мыржық, Қумар, Доспан образлары әдеўир табыслы көркем сүўретленген. Барлық ўақыялар Айдос бий образы әтирапында берилген.

Нәтийжеде, Т.Қайыпбергеновтың «Мың тиллаға баҳаланған гелле» трагедиясы бойынша бир неше сораўлар бериледи. Бул сораўларға жуўаплар алынады. Үйге тапсырмалар бериледи. Онда Т.Қайыпбергеновтың «Мың тиллаға баҳаланған гелле» дөретпесиниң сюжети ҳәм композициясы, қаҳарман образларына сыпатлама жазып келиў тапсырылады.

Улыўмаластырып айтқанда, Т.Қайыпбергеновтың дөретиўшилигин оқытыўда сабақ түрлеринен ҳәм интерактив усылларды методикалық жақтан дурыс пайдаланыў арқалы оқыўшылардың әдебият сабағына, пәнге қызығыўшылығы арттырады, және де оқыў искерлигине белсендилик пенен қатнасады. Нәтийжеде, оқыўшылар оқыў материалларын беккем өзлестиреди, олардың тереңнен ойлаў ҳәм еркин пикирлеўи раўажланады, қарым-қатнас жасаў мәденияты қәлиплеседи. Оқыўшылардың Т.Қайыпбергеновтың дөретиўшилиги бойынша түсиниги артып, олардың санасында адамгершилик, ўатанға сүйиўшилик, бири-бирине ҳүрмет сезимлери қәлиплесип барады.

## Әдебиятлар


1. Голиш Л.В. Технологии обучения на лекциях и семинарах /Учебное пособийе//. Под обшей редакцийей академика С.С.Гулямова. - Т.: ТГЭУ, 2005.
2. Ғуломова Н. Адабиёт дарсларида илғор педагогик технологияларидан фойдаланиш. -Тошкент: «РТМ», 2003.
3. Давлетшин М.Г. Замонавий мактаб ўқитувчисининг психологияси. –Тошкент: «Ўзбекистон», 1999.
4. Зуннунов А.С., Хотамов Н., Есонов Ж., Иброҳимов А. Адабиёт ўқитиш методикаси. -Т.: «Ўқитувчи», 1992.
5. Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. –Нөкис: «Билим», 2004.
6. Султонов Б., Тилегенов А., Бойназаров Ф. Янги педагогик технология асослари. -Тошкент: «Фалсафа ва ҳуқуқ институти», 2007.
7. Толипов Ў.Қ., Усмонбоева М. Педагогик технологияларнинг татбиқий асослари. –Тошкент: 2006.
8. Тухлиев Б. Адабиёт ўқитиш методикаси. –Тошкент: 2010.
9. Юсупов Қ. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. –Ташкент: “Сано-стандарт”, 2018.
10. Юсупов К. Методика преподавания каракалпакской литературы в академических лицеях. –Нукус: «Каракалпакстан». 2019, -С. 17.
11. Қабдалов З. Сөз өнери. Алма-Ата. «Мектеп», 1982,12-17-б.
12. Қайыпбергенов Т. Қарақалпақнама. -Нөкис: «Қарақалпақстан» 1985, 31-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ адабиётини ўқитиш масалаларига, хусусан, Т.Қаипбергенов ижодини ўқитишга бағишланган. Мақола муаллифи муаммоли, образ характерига эга бўлган маъруза турларидан қорақалпоқ адабиётининг машҳур шоир ва ёзувчилари ижодларини ўрганиш борасида фойдаланиш бўйича тавсиялар беради.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается вопросам методики преподавания каракалпакской литературы, и частности творчества Т.Каипбергенова. автор статьи даёт рекамендации как организавать проблемную, обзорную и другие виды лекций при изучении творчества известных каракалпакских писателей и поэтов.

**SUMMARY**

The article is devoted to the issues of methods of teaching Karakalpak literature, and the creative work of T.Qayipbergenov, in particular. The author of the article gives recommendations how to organize the problem, review and other types of lecture in the study of the creative work of the famous Karakalpak writers and poets.